*O`zbekstan Respublikasi Xaliq ta`limi wa`zirligi*

*A`jiniyaz atindag`i No`kis ma`mleketlik pedagogikaliq instituti*

*«Pedagogika» fakul`teti.*

*«Muzikaliq ta`lim» kafedrasi.*

*I- kurs «**Garmoniya**» pa`ninen*

# *LEKTSYALAR TOPLAMI*

***Lektor ag`a oqitiwshi A.Nadirova***

*No`kis-2012*

# Garmoniya
# Birinshi bap.
# Ses (dawis)

## 1.Sestin' fizikaliq tiykari.

**"Ses"** so'zi eki tu'rli tu'sinikti bildiredi.
**1-si** fizikaliq qa'siyetke iye boliwshi ses.
**2-si** seziwshi qa'siyetke iye boliwshi ses.

## 2.Muzikali seslerdin' qa'siyetleri.

Biz ju'da' ko'p ha'r tu'rli seslerdi esitemiz. Biraq ha'mme sesler muzikada qollanila bermiydi. Qulaqlarimiz muzikali sesler menen shawqimli seslerdi bir-birinen ajratadi. Shawqimli sesler ma'selen: tasirli, eki zattin' uriliwi, shiyqildi, gu'birlew, sibirlaw ha'm t.b. belgili bir ba'lentlikke iye emes. Sonin' ushin da bul sesler muzikada qollanilmaydi. Muzikali sestin' **3 tu'rli** fizikaliq qa'siyeti bar. Olar biyiklik, qattiliq ha'm tembrden ibarat.

Bunnan tisqari, muzikada sestin' sozimlig'ida u'lken ahmiyetke iye. Sestin' uzin yamasa kelteliginen onin' fizikaliq xarakteri o'zgermiydi, biraq muzikaliq ko'z qarastan sestin' sozimlig'i onin' tiykarg'i tu'rleri bolip esaplanatug'in qa'siyetlerinin' biri. **Sestin' ba'lentligi** tebrenip atirg'an denenin' tebreniw tezligine **(chastotasına)** baylanisli. Tebreniw qansha tez bolsa, ses sonsha ba'lent boladi ha'm teskerisi, **(tebreniw qansha az bolsa, ses sonsha pa's boladi).**

Sestin' qattilig'i tebreniw ha'reketin ku'shine, yamasa sestin' tayanishi bolg'an denenin' tebreniw ken'ligine baylanisli. Tebreniw ha'reketleri bolip turatug'in fazo shen'beri tebreniw amplitudasi **(ken'ligi)** dep ataladi. Tebreniw ampletudasi qansha qatti bolsa, ses sonsha qatti esitiledi ha'm tiykarg'i basqishlardin' seslerin o'z ishine kirgizedi.x

Bul - joqarg'i ta'repke sanalg'an **(**aq klavishlarg'a shig'atug'in**)** ha'r bir segizinshi ses 1-shi seske qarag'anda **2** ma'rte tezirek tebreniwi na'tiyjesinde payda boladi.

Birdey basqish **(**atama**)** tag'i sesler aralig'ina Oktava (6**)** dep ataymiz.
Bunnan basqa, ses qatardin' tiykarg'i **7** basqishin o'z ishine alg'an ha'r bir bo'limide oktava dep ataladi. Solay etip, pu'tin ses qatar bir neshshe oktavag'a bo'linedi. Ha'r bir oktavanin' baslaniwi do basqishinin' sesi dep qabil qılıng'an. Pu'tin ses qatar **7** toliq oktava ha'm ses qatardin' **2** ta'repin **(**fortepiano klayiaturasinin'eki sheti**)** de jaylasip, toliq bolmag'an eki oktavani payda etiwshi to'rt sesten ibarat.Oktavalar **(**pa'sten joqarig'a qaray**)** to'mendegishe ataladi: subkontr oktava, kontr oktava, u'lken oktava, kishi oktava, 1-shi oktava, 2-shi oktava, 3-shi oktava, 4-shi oktava ha'm 5-shi oktava.

## 4. Muzikali saz. Temperatsiyalang'an saz.
## Yarim ton ha'm pu'tin ton.
## Basqishlar ha'm olardin' atamalari.

Muzikali sestemadag'i sesler absalyut ba'lentliliginin' o'z-ara baylanisi **muzikali saz** dep ataladi.
Ha'zirgi zaman muzikali sazina **I-shi** oktavadag'i lya sesinin' **1** sekunta **440 ma'rte** tebreniwi tiykar qilip aling'an.
Qabil qiling'an muzikali sestemanin' ha'r bir oktavasi oneki ten' bo'limge yarim tonlarg'a bo'linedi. Bul tu'rdegi muzikali sazdi temperatsiyalang'an **4 saz** dep ataladi.Ol, oktavadag'i ba'rshe yarim tonlardin' ten' boliwi menen ta'biyg'iy ses ses qatardan parq qiladi.
Ha'r bir oktavanin' **12 ten'** yarim tonlig'i bolg'anlig'i sebepli, yarim ton muzika sestemasi sesleri arasindag'i en' kishi araliq bolip esaplanadi.Eki yarim tonliqtan payda bolg'an araliq pu'tin ton dep ataladi.

Ses qatardin' tiykarg'i basqishlari arasinda yarim ton ha'm **5 pu'tin** ton bar.Olar to'mendegishe ta'rtipte jaylasqan.

**Do -- re -- mi -- fa -- sol -- lya -- si ---do**
**1ton 1ton 1\2ton 1ton 1ton 1ton 1\2ton**

Tiykarg'i basqishlar arasinda payda bolg'an pu'tin tonlar yarimtonlarg'a bo'linedi. Fa-nin' qara klavishlerin basqanda esitilgen sesler bir tonliqlarda yarim tonliqlarg'a bo'ldi. Solay etip, ha'r bir oktava bir-birinen ten' araliqta jaylasqan 12 sesten ta'rtiblesedi. Ses qatardin ' ha'r bir tiykarg'i basqishin ko'teriw yamasa pa'siytiriw mu'mkin. Ko'terilgen ha'm pa'siygen basqishlarg'a tuwri kelgen sesler payda bolg'an basqishlar bolip esaplanadi.Sonin' ushin payda bolg'an basqishlardin' atamalari tiykarg'i basqishlardin' atamalarinan kelip shig'adi.Tiykarg'i basqish yarim tong'a ko'terilgende-diez so'zi yarim tong'a pa'siytirilgende-bemol so'zi qollaniladi.Eki yarim tong'a ko'terilse dubl diez,yaki eki yarim tong'a pa'siytirilse dubl-bemol.Tiykarg'i basqishlardin' joqarida ko'rsetilgen ta'rtibinde ko'teriliwi ha'm pa'siyiwi alteratsiya dep ataladi.

## 5. Sesler engarmonizimi.

Ba'lentligi birdey biraq atamasi ha'm jaziliwi ha'r tu'rli bolg'an basqishlar ten'ligine seslerdin' engarmonizimi dep ataymiz.Payda bolg'an basqish tiykarg'i basqish penen birdey ba'lentlikte de boliwi mu'mkin. Misali : Si# menen- do yamasa fa-` menen- mi. Ses eki ese ko'terilgende (tiykerg'i basqish eki yarim tong'a ko'teriledi), yamasa eki ese pa'seygende de usinday boladi. Misali : Fa# - sol;  Mi x -fa #.
1.**Oberton-** joqari ton degenimiz.
2. **Akustika** -fizika bo'limi boyinsha,sesti u'yreniwshi ilim.
3. **Amplituda** -latinsha amplitudo-ken'lik ko'lem.
4. **Temperatsiya** -latinsha temperare-ta'rtipke keltiriw.
5. **Rezonans**-latinsha resonantia-
6. **Oktava -**latinsha octavo-segizinshi.
7. **Al'taratsiya –**latinsha altero o'zgertiw ma'nisin bildiredi.
8. **Engarmonizim**-grek engarmonios- kemikken tuwri keledi.

## 6. Diatonik ha'm xromatik yarim tonlar ha'm pu'tin tonlar.

Ses qatardin' izbe-iz jaylasqan eki basqishi arasinda payda bolg'an yarim tong'a diatonic yarim ton dep ataymiz.Ses qatardin' tiykarg'I basqishlari mi-fa ha'm si-do yarim tonlarin payda etadi.Ko'rsetilg'en yarim tonliqlardan basqa, tiykarg'I tonlar menen izbe-iz jaylasqan, ko'terilgen yamasa pa'siygen payda bolg'an basqishlar arasinda da diatonic yarim tonlar boliwi mu'mkin.Miali:
Yamasa eki payda bolg'an basqishlar arasinda boliwi mu'mkin.
Xromatik yarim ton dep to'mendegishe payda bolg'an tonlarg'a aytiladi.
a)Tiykarg'ı basqish penen onin' ko'terilgen yamasa pa'siygen basqishi arasinda payda bolsa. Misali:
b)Ko'terilgen basqish penen onin' eki ese ko'terilgen basqishi arasinda pa'siygen basqish penen onin' eki ese pa'siygen basqishi arasinda payda bolsa.Misali:
Eki izbe-iz basqishlar arasinda payda bolg'\an pu'tin tonlar diatonic tonlar dep ataladi. Tiykarg'I basqishlar (bir oktava aralig'inda) bes pu'tin tong'a iye boladi:Do-re, re-mi, fa-sol, sol-lya,lya-si.
1.Diatonik-grek diatonikos bir tonan ekinshi tong'sa o'tiwi.
2.Xromatizm-grek chromos-ren' boyaw.
Bunnan tisqari diatonic tonlar tiykarg'I basqish penen payda bolg'an basqish arasinda sondayaq eki payda bolg'an basqishlar arasinda ha'm boliqi mu'mkin.Misali:
Xromatik pu'tin tonlar dep to'mendegi payda bolg'an tonlarg'a aytamiz.
a)Tiykarg'i basqish penen onin' eki ese ko'terilgen yamasa pa'siygen sesler
arasinda payda bolsa
b)Bir tiykarg'i basqishtan ibarat eki payda bolg'an basqishlar arasinda ushrasqanda.
v)Bir basqishtin' eki shetindegi basqishlar arasinda payda bolsa:

## 7.Seslerdin' ha'rip sestemasi boyisha jaziliwi.

Muziyka amelyatinda seslerdi buwin menen jaziwdan basqa,latin alfaviti tykarinda ha'rip penen jaziw usilida qollaniladi.Jeti tiykarg'I basqish to'mendegishe belgilen.
S, D, E, F, G, A, H,
Do, re, mi, fa, sol, lya, si.
Bul sistema payda bolg'an da'wirde yag'niy orta a'sirlerde
Ses qatar lya sesti menen baslanatug'in edi,si `-sesti menen almastiriladi.usi da'wirde ses qatar to'mendegishe bolg'an.
A, B, S, D, E, F, G,
Lya,si`,do, re, mi. fa,sol.

**Ekinshi bap.**
**8.Nota jaziwi.**

**Nota.**Notanin' sozimligi ha'm onin' belgileniwi.(jaziliw tu'ri)Nota jol
Nota-latin so'zi bolip belgili ma'nisin an'latadi.Nota.belgisi ortasi bos yamasa boyalg'an shen 'bershelerden ibarat boladi. Seslerdin' ha'r tu'rli sozimligin belgiler benen ko'rsetiw ushin bul shen'bershelerge tayaqlarga (shtiller)bayraqshalar kelte sozimli seslede bir gruppag'a birlestiriw ushin bolsa qabirg'lar-qosimsha goriyzontal siziqlar qosip jaziladi.Seslerdin' ba'lentligin aniqlaw uyshin notalar bes parallel siziqtan ibarat nota jolina jaylastiriladi.Siziqlar pa'sten joqarig'a qarap sanaladi.Nota jolinin' baslaniw bo'liminde bes siziqti birlestiriwshi
Vertiykal siziq qoyiladi.Bul siziq baslang'ish siziq dep ataladi.
Notalar nota jolindag'I siziqlar u'stine ha'm siziqlar araliginda jaziladi.Misali.
Nota jaziwinda tiykarg'i siziqlardan basqa ayrim notalar ushin qisqa qosimsha siziqlarda isletiledi.Olar nota jolinin' astinda ha'm u'stinde jaziladi**. Misali**
Nota jolinin' joqarsisinda jaylasqan qosimsha siziqlar birinshisinen baslap joqarg'a qaray nota jolinan pa'ste jaylasqan qosimsha siziqlar birinshisinen baslap pa'ske qaray sanaladi.

**9.Ses sozimliqlarinin' atamalari ha'm olardin' nota menen jaziliwi.**

En' u'lken sozimli ses -putin-0
Pu'tin sozimli sestin' eki ma 'rte qisqarg 'ni -yarimliq- y\a
Yarimliqtin' eki ma'rte qisqarg'ni -shereklik- y\a
Sherekliktin' eki ma'rte qisqarg'ni -segizlik- y\a
Segizliktin' eki ma'rte qisqarg'ni –on altiliq- y\a y\a gruppada
On altiliqtin eki ma'rte qisqarg'ni-otiz ekilik- y\a
y\a gruppada
Otiz ekiliktin eki ma'rte qisqargani-alpis to'rtlik- y\a
y\a gruppada
Bunnanda qisqa notalar kem qollaniladi.Sondayaq,pu'tin sozimliqti eki ma'rte artiqraq bolip esaplanatig'in notada kem isletiledi.
Bul nota «brevis » dep ataladi ha'm to'mendegishe jaziladi:/=/
Brevis notasi alding'I mda'wirlerde ko'p qollanilatugin edi.
Notalardin' sozimliqlarin aniqlaw ushin olarga tayaqshalar (shtiller)nota jolindagi nota shenbershelerine tutas jaziladi. Nota shenbershesi ekinshi ha'm u'shinshi siziqlar aerasinda ha'm onnan pa'srekte jaylasqan bolsa,tayaqshalar joqarig'a qarap o'n ta'repke jaziladi, nota shen'bershesi u'shinshi ha'm onnan joqari siziqlarda jaylasqan bolsa, pa'ske qarap shep ta'repke jaziladi.Misali.

a)1 Skripka gilti (sol gilti).
Bul gilt ekinshi siziqta birinshi oktavanin' sol sesti ba'lentligin belgileydi.
Sol giltinin eski tu'ri-eski fransuz gilti ,ol birinshi siziqta jaylasatug'in edi.Ha'zirgi waqitta bul gilttin' tu'ri qollanilmaydi.Eski fransuz giltinde 1-siziqta sol notasi jaylasatugin edi.Misallar.

1)Skripka gilti
2)Eski fransuz gilti.
b)1bas gilti (fa gilti).
Bul gilt 4-shi siziqta kishi oktavanin'"fa" sesti ba'lentligi belgileydi.
Bas giltinen basqa eski muzikada fa giltinin' ja'ne 2tu'ri isletiledi.Ha'zirgi waqitta bul giltlerdin' tu'rleri qollanilmaydi.Olar 5-shi siziqtag'i fa gilti-baso-profundovi, 3-shi siziqtag'i fa gilti-ariton.Misallar :
1)Bas gilti.
2)Baso profundovi.
3)Variton.
Notalar gruppalarg'a birlestirilgende to'mendegishe jaziladi.
Notalar gruppalarg'a birlestirilgende (eger olar ha'r tu'rli ba'lentlikte jaylasqan bolsa) tayaqsha ha'm qabirg'alardi jaziw ushin qolayli orin tan'lanadi.Misali:

**10.Alteratsiya belgileri.**

Tiykarg'I basqishlardin' ko'teriliwi yamasa pa'seyiwi al'teratsiya dep ataladi.Al'teratsiya belgileri besew.Olar-diyez, dubl'-diyez,bemol',dubl-bemol',bekar(bekarlaw).Olar to'mendegishe qollaniladi.Diez-#; dubl-diez –x,bemol-`, dubl-bemol-``,bekar- ,
Alteratsiya belgileri nota siziqlarina ha'm aralig'ina jazilip, olar notalardin' aldina sondayaq giltlerdin' on' ta'repine de qoyiladi.Misali:
Giltten kiyin qoyilg'an alteratsiya belgileri gilt alteratsiya belgisi, notalar aldina qoyilatug'in belgi bolsa
alteratsiya belgisi dep ataladi.Gilttegi alteratsiya belgileri o'zinin' ku'shin pu'tin shig'arma dawaminda ha'm ba'rshe oktavalarda saqlap qaladi. altaratsiya belgisi bolsa o'z ku'shin tek g'ana bir takt dawaminda ha'm o'zinin' aldinda turg'an ses ushin g'ana saqlanadi.
**Diyapazon-ken'lik araliq.dawis diapazoni dep bir jerdegi dawis penen aytiliwi yamasa qollaniliwi mu'mkin bolg'an en' pa's ha'm en' joqari sesler aralig'ina (ken'ligine) aytiladi.**

**11.Notalarg'a qoyilatug'in seslerdin'sozimlig'in o'zgertiwshi qosimsha belgiler.**

Seslerdin' tiykarg'I sozimliqlarinan basqa, nota jaziwinda sozimliqlardi o'zgertiwshi qosimsha belgilerde qollaniladi.Olarg'a to'mendegiler kiredi.
A)**Noqat-**qandayda bir ses sozimlig'in yarim ese uzaytiradi, bul belgi nota shen'bershesinin' on' ta'repinde qoyiladi.
B)**Eki noqat-**qandayda bir ses sozimlig'in yarim ese ha'm onin' tiykarg'I sozimlig'inan ja'ne sherekke uzaytiriladi.
V)**Liga-**izbe-iz jaylasqan birdey ba'lentliktegi nota sozimliqlarin birlestiriwshi iymek siziq.
Bunday sozimliqlardin' dawami olardin' uliwma mug'darina ten' boladi.
G**)Fermata-**ses sozimlig'inin' waqit penen sheklenbegen uzayiwin ko'rsetiwshi belgi.Fermatanin' ortasina noqat qoyilg'an yarim shen'ber tu'rinde jaziladi.
Fermata notanin' ustine yamasa astina qoyiladi.

**12. Pawzalar.**
Sestin' waqtinsha toqtatiliwi pawza dep ataladi. Ses sozimliqlari qalay o'lshense, pawzalar dawamlilig'ida sonday o'lshenedi.
1)Pu'tin nota sozimlig'ina ten' keletug'in pawzanin' jaziliwi.
2)Yarimliq nota – II-
3)shereklik -II-
4) segizlik –II-
5)on altiliq- II-

6)otiz ekilik –II-
7)alpis to’rtlik- II-
8)brivis II

Pawzalardi o’zlestiriwde de notalarda qollanatug’in noqatlar qoyiladi.M\s Pawzalar liga menen baylanispaydi.

**13.Eki dawisliqtin’ jaziliwi.Fortepyano muzikasinin’ jaziliwi.Akkolada.Ansanbil ha’m xor muzikasinin’ jaziliwi.**

Nota jolinda eki g’aresiz dawisti jaziw mu’mkin. Bunday jag’daylarda notanin’ tayaqshalari qarama – qarsi ta’repke qaratilip, ha’r bir dawis ushin ayrim – ayrim jaziladi.Joqarg’I dawis tayaqshalari joqarig’a, pa’ski dawis tayaqshalari bolsa pa’ske qaratilg’an boladi.M\s: Tarli kvartetinin’ ha’mme to’rt partiyasi bir akkalada menen biriktiriledi.

Senfoniyaliq partiytuwrada ha’r bir a’spablar gruppasi o’zinin’ akkaladasi menen ajiraladi.

**14. Nota jaziwin qisqartiwshi belgiler (abberevyatuwra).**

Nota jaziwin a’piwaylastiriw ha’m qisqartiw ushin to’mendegi belgiler qolaniladi.a) notani oqiwdi qiyinlastiratug’in qosimsha siziqlardi ko’beytirmew ushin muzika shg’armalarinin’ qandayda bir bo’liminde bir oktava joqarig’a yamasa bir oktava pa’ske ko’shiriw belgisi qoyiladi. M\s.

Bir oktava joqari yamasa pa’ske ko’shiriliwi punktir sizig’i tamamlang’an jerine shekem dawam etedi.
b) qaytalaw belgisi repriza, shig’armanin’ qandayda bir bo’limin yamasa basinan aqirina shekem qaytariw ushin a’dete u’lken bolmamag’an shig’armalardi, m\s xalq qosiqlarin qaytalaw ushin qoyiladi.
Fortepino muzikasi shep ta’repten skopka menen birlestirilgen eki nota jolinda jaziladi.Bunday skopka akkolada 4 dep ataladi.m\s.
**Partiturada** bir neshshe yamasa ko’plegen asbaplardi biriktiriw ushin akkolada a’hmiyetli orindi iyeleydi.m\s Fortepino triosinin’ parteturasinda fortepinonin’ partiyasi bo’lek akkalada menen ha’m uliwma akkolada menen tarli asbablar biriktirilgen.

1)**Liga** –lat.ligare –baylanisiw
2)**Fermata**-ital.fermata –toqtaw
3)Pa**wza-** grek.pausis-toqtaw
4)A**kkolada**-frants.accolede-figurali skopka
5)Partitura-lad. Pantes-partes.

Eger qaytalanatug’in bo’liminin’ yamasa pu’tin shig’armanin’ tamamlaniw bolimi o’zgeretug’in bolsa,bunday jag’daylarda o’zgeriwshi taktlar u’stine kbart skobkalar qoyiladi. Skopkadan keyin ,qaytalanatug’intaktlar jaziladi ha’m olardin’ u’stinede kvadrat skopkalar qoyiladi.Skopkanin’ u’stine 1 ha’m 2 sanlari jaziladi.Sanlar birinshi valt, yag’niy birinshi ma’rte ha’m ekinshi ma’rte qaytalaniwin bildiredi.m\s.
b) Eger shig’arma bo’limli formada jazilg’an bolsa, bunday waqitta u’shinshi bo’lim qaytadan jazilmaydi ha’m ekinshi bo’limnen keyin:Da sapoal-fine – yag’iniy bastan aqirg’i so’zgeshe dep birinsh bo’lim aqirinda bolsa fine – (aqiri)so’zine shekem, dep birinshi bo’lim aqirinda bolsa fine (aqiri) so’zi jaziladi.
Birinshi bo’lim en’ bastan qaytarilmasa, qaytalaw baslanatug’in ta’kt u’stine S(segno)belgisi qoyiladi, ekinshi bo’lim aqirinda bolsa Dalsegno alfine – yag’iniy segno belgisinen tamamlaniwina shekem dep jaziladi.
Shig’armanin’ qaytalanatug’in bo’liminen aldin keletug’in bo’limge o’tilgende: Dakago alsegno poicoda – yag’iniy basinan segno belgisine son’ kodag’a o’tilsin dep jaziladi.

2) Qandayda bir taktti bir yamasa bir neshe ma'rte qaytalaw kerek bolsa to'mendegi belgi jaziladi.M\s

g) Qandayda bir du'zilisti bir takt arsinda bir ma'rte yamasa bir neshe ma'rte takirlaw kerek bolsa ol qaytadan jazilmastan qabirg'alari sozimlig'ina ten' keletug'in siziqlar menen almastiriladi. M\s

e)Takrlaniwshi ses yamasa akkord to'mendegishe jaziladi:M\s

j) Bir jerde tez ha'm ko'p ma'rte almasip takrlanatug'in eki ses yamasa sesler jiyindisi tiremalo dep ataladi ha'm to'mendegishe jaziladi (tremolo- qaltiraw).

Tremaloda takralaniwshi sesler bolsa shama menen berilgen du'zilistin' uliwma sozimlig'i og'an tuwri kelgen nota menen beriledi, siziqlar bolsa du'zilistin' qaysi sozimliqlarda atqariliwin an'latadi.

z)Berilgen sesti eki oktavada atqariw kerek bolsa, notanin' u'stine 8 sani jaziladi. Bul berilgen sesti eki oktavada atqariw kerek ekenligin bildiredi.M\s 8(oktava menen) belgileniledi.

Seslerdi uziliksiz eki oktavada atqariw kerek bolsa, joqaridan bolsa allsba, a'sten bolsa alsba bassa belgisi menen jazip qoyiladi.

Joqarida atap o'tilgen qisqartiw belgilerine (abbrevyatwrag'a) ja'ne arpetjato glissando kiredi.

1)Arpetjato ital. Arpetdinto- arpaspat. 2) Glissando – ital.Glissando – prans glisser- sirg'analip.

**U'shinshi bap.**

**Ritim ha'm metr.**

**15.Ritm. Sozimliqlardin' tiykarg'i ha'm erkin tu'rdegi bo'liniwi.**

O'z –ara baylanisip,izbe-iz kelgen sesler sozimi ritm dep ataladi. Muzikada sesler sozimlig'inin' izbe- iz keliwi na'tiyjesinde olardin' belgili bir waqit ishinde almasip turiwin ko'remiz seslerdin' belgili bir ta'rtipte baslang'an sozimliqlari birlesip, ritmlik suwretleri (usil ) payda etedi.M\s

Muzikada to'mendegi sozimliqlar qollaniladi:1)Tiykarg'i (jup bo'linetug'in ) sozimliqlar, olar pu'tin, yarimliq, shereklik,segizlik ha'm tag'i basqa. 2)Tiykarg'i sozimliqlardi qa'legen ten' bo'leklerge erkin (sha'rtli) boliw na'tiyjesinde payda bolg'an sozimliqlar. Olardin' qatarina en' ko'p ushrasatug'in to'mendegi erkin bo'liniwler kiredi.

a) Piriyol – tiykarg'i sozimliqtin' eki bo'leginin' ornina u'sh bo'lekke bo'liniwden payda boladi.
b)Kvintal-tiykarg'i sozimliqtin' to'rt bo'leginin' ornina bes bo'lekke bo'liniwnen payda boladi.
v)Seketol-tiykarg'i sozimliqtin' to'rt bo'leginin' ornina alti bo'lekke boliniwinen payda boladi.
g)Septol-tiykarg'i sozimliqtin' to'rt bo'leginin' ornina jeti bo'lekke bo'liniwinen payda boladi.
d)Duol-qaptalina noqat qoyilg'an tiykarg'i sozimliqtin'eki bo'lekke bo'liniwinen payda boladi.
e) Kvartal-qaptalina noqat qoyilg'an tiykarg'i sozimliqtin'to'rt bo'lekke bo'liniwinen payda boladi.

Sozimliqlar suwretine pawzada kiriwi mu'mkin, suwrettegi bir sozimliqqa ten' boladi.

**16. Muzikali aksent. Metr,o'lshem,takt.Ta'kt sizig'i. Ta'kt aldi. (toliq emes ta'kt).**

Muzikada sesler belgili bir waqit dawaminda esitiledi. Seslerdin' belgili bir waqitlarda ten' u'leslerge bo'linip, almasip turadim muzikada bir tegis ha'reketti payda etedi(bunday ha'reketke pulsasiya deymiz). Seslerdin' bunday ha'reketi waqtinda ayrim u'lesler aktsenti menen ajiralip turadi. Ajiralip turiwshi u'lesler aktsend dep ataladi.Aktsent tu'setug'in u'lesler ku'shli u'lesler,aktsent tu'speytug'in u'lesler ku'shsiz u'lesler dep ataladi.

Ku'shli ha'm ku'shsiz u'leslerdin' tegis almasip turiwi metr dep ataladi.

Metrdin' u'lesi ha'r tu'rli sozimliqlarda ko'rsetiwimiz mu'mkin.Metr u'lesinin' belgili bir sozimlig'inda ko'rsetip beriliwi o'lshem dep ataladi.

O'lshem nota jaziwinda eki san menen jaziladi.Bul sanlar izbe iz joqaridan pa'ske jazilip,gilttin' qaptalinda alteratsiya belgilerinen son' jaylastiriladi.m\s

U'stindegi san metrdegi u'lesler sanin, keyingi san bolsa usi o'lshemdegi metr u'lesinin' qanday sozimliqta ko'rsetilgenin bildiredi.

Muzika shig'armasinin' bir ku'shli u'lesten ekinshi bir ku'shli u'leske shekem bolg'an aralig'I takt dep ataladi.

Nota jaziwinda ha’r bir takt notas jolin kesip o’tken vertical siziq penen ajiratiladi.Bul vertical siziq takt sizig’I dep ataladi.Takt sizig’I,a’dette takt aldinan ku’shli u’lesti ajratip ko’rsetiw ushin qoyiladi.Eger muzika shig’armasi ku’shsiz u’lesten baslansa,shig’armanin’ basinda toliq bolmag’an takt payda bolip,og’an takt aldi(toliq emes takt )dep ataymiz.Taktlardi ko’pshilik jag’daylarda uliwma takttin’ yariminan aspaydi.
Takt aldi muzika shig’armasinin’ ortasinda,onin’ qa’legen bir bo’limi baslaniwi aldindada boliwi mu’mkin.
Shig’armanin’ aqirinda yamasa onin’ qandayda bo’liminen son’ eki takt sizig’I qoyiladi.Ko’p jag’daylarda takt aldi menen baslang’an shig’arma yamasa onin’ qandayda bir bo’limi toliq bilmag’an takt penen tamamlanadi ha’m ol takt aldi toltiradi.

**17A’piwayi metler ha’m o’lshemler .**
**A’piwayi o’lshemli taktlardag’i sozimliqlardin’ gruppalaniwi.**

Aktsentleri(ku’shli u’lesleri) ha’m bir u’lestan keyin bir tegiste takrarlanip turatug’in metrler eki u’lesli metrler dap ataladi.
Aktsentleri ha’r eki u’lesten keyin takrarlanip turatug’in metrler u’sh u’lesli metrler dep ataladi.Olardin’ O’lshemleri de usinday bolsa ,a’piwayi o’lshemler dep ataladi.A’piwayi o’lshemlerge to’mendegiler kiredi.a)eki u’lesli o’lshemler -2\2;4\2;8\2;2\2-o’lshemi alla verve depte ataladi ha’m basqasha belgi menende ko’rsetiledi;c
b)u’sh u’lesli o’lshemler -2\3;4\3;8\3;16\3-o’lshemi ju’da’ kem ushrasatug’in o’lshem.
Bir takt ishinde ritmler gruppalansa ,ol sozimliqlardin’ gruppalaniwi dep ataladi.
A’piwayin o’lshemlerdegi sozimliqlar gruppalang’ada,takttin’tiykarg’i u’lesleri (metr u’lesi ) bir –birinen ajratiladi.m\s
A’piwayi o’lshemlerdegi sozimliqlardin’ gruppalaniwi ta’rtibinde to’mendegi usillarg’a jol qoyiladi.
Takttin’ ju’da’ kishi u’lesi 3\8 o’lsheminde to’mendegishe gruppalaniwi mu’mkin.
2)Sozimlig’I pu’tin bir taktti iyelegen ses ligsiz ,bir nota menen jaziladi;
3)Eger noya metr u’lesin baslap beretug’in nota bolsa ,onin’ qaptalina noqat qoyiladi.
Notalar qalay gruppalansa, pawzalarda usinday bolip gruppalanadi.
**18. Quramali metrler ha’m o’lshemler ku’shli u’lesler.Quramali o’lshemli taktlarda sozimliqlardin’ gruppalaniwi.**
Birdey a’piwayi metrlerdin’ qosiliwi na’iyjesinde quramali metrler payda boladi.
Quramali metr eki ha’m onnanda ko’birek apiwayi metrlerden payda boliwi mu’mkin .Sonin’ ushin quramali metrler waqti-waqti menen keletug’in bir neshshe ku’shli u’leslerge iye.quramali metrdegi ku’shli waqit u’lesinin’ sani onin’ qatarindag’i a’piwayi metrlerdin’ sanina ten’ boladi.
Quramali metr dep birinshi u’lesinin’ aktsenti qalg’an aktsetlerge qarag’anda ku’shlirek boladi ha’m sonin’ usjin u’leske ku’shli u’les,og’an qarag’anda ku’shsizrek bolg’an u’leske ku’shli u’les dep ataladi.
Quramali metrdi ko’rsetip beriwshi ba’rshe o’lshemlerde quramalio’lshemler dep ataladi.
Quramali metrlerdi ko’rsetip beriwshi en’ ko’p qollanilatug’in o’lshemler to’mendegishe biladi;\
a)to’rt u’lesli o’lshemler;4\4;8\4;2\4;kem ushrasadi4\4(4\2+4\2);8\4(8\2+8\2);2\4(2\2+2\2)
b)alti u’lesli o’lshemler;4\6,8\6,16\6kem ushrasadi4\6(4\3+4\3);8\698\3+8\3);16\6(16\3+16\3)
v)tog’iz u’lesli o’lshemler;8\9,4\9ha’m 16\9 kem ushrasadi 8\9(8\3+8\3+8\3+8\3);4\9(4\3+4\3+4\3);16\9(16\3+16\3+16\3)
2)on eki u’lesli o’lshemler;8\12,16\12 kem ushrasadi.8\12(8\3+8\3+8\3+8\3);16\12(16\3+16\3+16\3+16\3).
Quramali o’lshemlerde gruppalaniw olardi payda etken a’piwayi o’lshemlerdin’ uliwma ritimlik gruppalarina birlestiriliwi, olar ayrim-ayrim g’arezsiz gruppalarg’a birlestiriledi.
Ses qandayda bir quramali taktti pu’tinliginshe iyelese ,uliwma sozimlig’i ses spatinda 9qandayda bir nota menen )jaziladi. Geypara waqitlari bolsa sozimligi a’piwayi taktlerge ten’ keletugin,liga menen birlestirilgen notalar ja’rdemindede jaziladi.

**19. Aralas metrler ha’m o’lshemler. Aralas o’lshemli taktlerde sozimliqlardin’ gruppalaniwi.**

Eki yamasa bir neshshe ha’r tu’rli ko’rinistegi a’piwayi metrlerdin’birlesiwi na’tiyjesinde quramali aralas metrler payda boladi. Bul tu’rdegi metrlerdi a’piwayi qilip,aralas metrler dep,olardi ko’rsetip beriwshi o’lshemlerdi bolsa aralas o’lshemler dep ataymiz.

Muzikada aralas o’lshemler a’piwayi ha’m quramali o’lshemlerge qarag’anda ju’da’ kem ushrasadi. Olardin’ arasinda bes u’lesli ha’m jeti u’lesli o’lshem ko’birek qollaniladi;4\5;8\5;4\7;8\7 geypara waqitlari aralas o’lshemlerdin’ basqa tu’rleri de ushrasiwi mu’mkin

Aralas o’lshemler quramali o’lshemlerden ayrim qa’siyetleri menen ajiralip turadi.

1)aralas o’lshemlerdin’ du’zilisi olardi payda etetug’in a’piwayi o’lshemlerdin’ izbe-iz keliwine baylanisli,bul ku’shli ha’m og’an qarag’anda ku’shli u’leslerdin’ almasip turiwinda ta’sir etedi.

20Takttin’ ku’shli ham’ og’an qarag’anda ku’shli u’leslerdin’almasip turiwi tegis bolmaydi.m\s

a)4\5(4\2+4\3)

4\5(4\3+4\2)

Joqarida birinshi misalda aktsen takttin’ birinshi ha’m u’shinshi u’leslerine, ekinshi misalda bolsa takttin’ birinshi ha’m to’rtinshi u’leslerine tuwri keledi.

b)jeti u’lesli o’lshemler,

4\7(4\3+4\2+4\2)

4\7(4\2+4\2+4\3)

Bunda birinshi misalda aktsent taktinin’1-shi,4-shi,6-shi u’leslerine,ekinshi misalda bolsa takttin’ 1-shi,3-shi ha’m 5-shi u’leslerine tuwri keledi.4\7(4\2+4\3+4\2) tu’rindegi takt du’zilisi muzikada ushraspaydi.,

Gey para waqitlari bir muzikali shig’armanin’ ishinde aralas o’lshemdi payda etetug’in o’lshemlerdin’ almasiw ta’rtibi o’zgeripte turadi.

Aralas o’lshemli notalardi oqiw an’sat boliwi ushin,geypara waqitlari o’lshemdi ko’rsetiwshi tiykarg’I sannin’ qaptalinda skopka aship,takttin’ a’piwayi o’lshemlerin ko’rsetiwshi ja’rdemshi sanlarda jaziladi.m\s.

Bunnan basqa geypara waqitlari taktte a’piwayi o’lshemlerdin’ baslaniwin ko’rsetiwshi puniktir menen qosimsha takt sizig’ida jaziladi.

Quramali o’lshemli sozimliqlar qalay gruppalansa ,aralas o’lshemli sozimliqlarda solay gruppalanadi.Aralaso’lshemlisozimliqlardin’qatarina kiretug’in ha’r tu’rli ko’rinistegi a’piwayi o’lshemlerdin’ ritimlik gruppalari ten’ bolmaydi.Muzikada ha’rtu’rlimetrlerdin’birden keliwide ushrasadi,og’anbiz polimetrya dap ataymiz.Polimetryanin’ tiykarg’I qa’siyeti muzikala shig’armalardag’I ayrim dawis (partiya)lardin’ha’r tu’rli metr o’lshemi menen ko’rsetiliwi.Onda mertdin’ aktsentleri bir birine tuwri keliwiha’m tuwri kelmewi mu’mkin.

**20.O’zgeriwshen’ o’lshemler.**

Muzikada metrdin’ bir shig’arma dawaminda o’zgerip turiwi,sol waqitta o’lshemnin’de o’zgerip turiwi ushrasip turadi.

Bunday o’lshemler o’zgeriwshen’ o’lshemler dep ataladi.O’zgeriwshen’ o’lshemlerdi xaliq qosiqlarinda ,rus klassik kompazitorlarinin’ ha’m g’arezsiz ma’mleketler kompazitorlarinin’ shig’armalarinda ushratiw mu’mkin.

O’lshemler tegis ha’m tegis emes bolip almasip turadi.O’lshemler tegis almassa gilt belgisinin’qaptalina eki san qoyiladi.O’lshemler tegis emes almasp tursa ,nota tekstinde o’lshemlerdin’ ha’r bir o’zgeriwi jazip qoyiladi.Bul tu’rdegi takttin’ du’ziliwi muzikada ushramaydi.m\s

**21.Sinkopa.**

Ritm ha’m metr aktsentlerinin’ bir-birine tuwri kelmey qalip,ritmdegi ishshen’liktin’ buziliwina sinkopa dep aytamiz. Sinkopa muzikada ju’da’ ko’p ushraydi.Ol metrdin’ ku’shsiz u’lesindegi sestin’ keyingi ku’shli u’lesinde estilmewinen payda boladi.Onin’ na’tiyjesinde aktsent metrdin’ sol ku’shsiz u’lesine o’tedi.Metrdin’ qandayda bir u’lesinde ku’shsiz da’wirge tuwri kelgende de o’z ku’shin saqlaydi.M\s

Sinkopalardin’ tiykarg’i tu’rleri ko’binshe to’mendegishe boladi.
a)Takt ara sinkopalar (eki u’lesli ha’m u’sh u’lesli).
b) Takt ishindegi sinkopalar (eki u’lesli ha’m u’sh u’lesli).
Bunnan basqa sinkopa pawzadan kiyin aksentli u’leske tuwri keletug’in jerde de payda boliwin mu’mkin. Takt ishindegi sinkopalardi jaziwda sozimliqlardi gruppalaw qag’idasinan shekleniwge jol qoyiladi.M\s: a’dette takt ishindegi sinkopalardi ku’shli ha’m ku’shsiz u’lesler bir notag’a birlestirip jaziladi, biraq giypara waqitlari, gruppalaniw qag’idasina boysinip, liga arqali qosilg’an eki nota menen de jaziladi.Takt ara sinkopalar bir taktten ekinshi bir taktke o’tken liga arqali eki nota menen jaziladi.M\s(86,88,89,90,91)

**22.Bokal muzikasinda gruppalaniw.**

Dawis penen so’zge muzikada sozimliqlardin’ gruppalaniwi so’zlerdin’ buwin sastabinda baylanisli boladi.Bir buwing’a tuwri keletug’in geypara sozimliqlar qon’si sozimliqlar menen gruppa bolip birlespeydi.Eger bir buwing’a bir neshshe ses tuwri kelse, bul seslerdin’ sozimlig’I gruppalarg’a uliwma qag’iyda boyinsha birlesdi.

## 23.Temp.

Ha’reket tezligi temp dep ataladi.Temp muzikada ko’rsetip beriwshi bolip, muzikali shig’arma menen tig’iz baylanisli boladi.

Templer u’sh tiykarg’I gruppag’a bo’linedi:jay, ortasha ha’m tez.Templerdi aniqlawda tiykarinan italyansha so’zler qollaniladi.Olar muzikali shig’armanin’ basinda yamasa templerdin’ o’zgergen jerlerinde (jaziladi) so’zli terminler menen belgilenedi.
X1x a’sirlerdin’ basinda templerdi aniq, aniqlaw ha’m belgilew ushin arnawli a’sbap oylap tabilg’an.Bul a’sbap-metranom dep ataladi.
1) 1816 jili metranom venaliy mexanik meltsil ta’repinen oylap tabilg’an.Sonin’ ushin oni Meltsildin’ metranomi dep atag’an,al templer jazilg’anda M.M ha’ripleri menen belgileydi. 2)Geypara kompazitorlar templerdi ana tilinde belgileydi (misali R.Shuman-nemisshi, K.Debyussiy-frants x.t.b)

Jay templer

Largo-ken’, lento-sozip, adagio-awir, grave-ju’da’ awir,

Ortasha templer.

Andante-asiqpay, Andantino-andantedan-sa’l tezletip
Moderato-ortasha, Sostenuto-
Allegretto-janlanip,Allegro moderato-ortasha tez.

Tez templer.

Allegro-tez,vivo-janliraq,vivace-janliraq, tez.
Presto-tez,asig’ip,Prestissimo-ju’da’ tez.

Tiykarg’i templerde aniqlaw ushin to’mendegi so’zler qosilip isletiledi :
Molto-ju’da’, assai- , con moto-ha’reket penen,
Commodo-erkin, non troppo -onsh tez emes.
Non tanto-onsha a’ste emes, sempre –ha’mme waqit.
Meno mosso-kemirek ha’reket penen, piu mosso-ko’birek ha’reket p/n.

Muzikali shig’armalar atqarilg’anda ja’nede ta’sirli boliw ushin uliwma ha’reketti a’ste-sekin tezletiw ushin ha’m tezlikti pa’siyttiriw belgileri qollaniladi.Olar notanin’ tekstinde to’mendegi so’zler menen jaziladi.
a) Tezlikti a’ste sekin pa’siyttiriw ushin:
ritenuto-saqlanip, ritandanto-keshigip,
allargando-ken’iytip, rallentando-a’steletip.
b)Tezlikti tezletiw ushin
accelerando-elede tezletip, animando-ruxlandirip,
strengondo-asig’ip, stretto-qolaylastirip.

Ha’reketti da’slepki tempke qaytariw ushin to’mendegi so’zler qollaniladi.
a tempo -o’z tempinde, tempo primo-da’slepki temp,
tempo1-da’slepki temp,listesso tempo-sol tempte.

Templerdi elede aniqraq bilip aliw u/n metronom a’spabinan paydalanamiz.

**24.Dirijorliqtin’ qag’iydalari.**

Ha’ orkestr yamasa qandayda bir ansambller u/n jazilg’an muzika shig’armasinin’ atqariliwin basqariw, ken’ ma’niste, dirijorliq dep ataladi.

Qosiq aytilg’anda yamasa salfedjioda derejorliq dep to’mendegiler na’zerde tutiladi : birinshiden, esaplap turiw, y/y takt u’leslerinin’ almasiwi ha’m olardin’ sozimliq waqtin ko’rsetip turiq, ekinshiden,berilgen shig’armanin’ tempin aniqlaw.

Derejorliq qag’iydalari eki, u’sh ha’m to’rt u’lesli qol ha’reketlerine tiykarlanadi.

Olar to’mendegilerden ibarat (sxemalar on’ qol ha’reketi ushin ko’rsetilgen)

a)Ba’rshe eki u’lesli a’piwayi o‘lshemler eki siltew menen pa’ske ha’m joqarig’a qaray derejorliq qilnadi.

b)Ba’rshe u’sh u’lesli a’piwayi o’lshemler u’sh siltew menen-pa’ske, on’g’a ha’m joqarg’a qaray derejorliq qilinadi.

v)To’rt u’lesli o’lshemler to’rt siltew menen - pa’ske, shepke , on’g’a ha’m joqarg’a qaray derejorliq qilinadi.

g)Alti u’lesli o’lshemler alti siltew menen-derejorliq qilinadi.Bul to’rt u’lesli siltew qag’iydasina tiykarlanip pa’ske ha’m ong’a qaray siltewler eki ma’rte qaytariladi.

Temp tez kelgende 6/8 ha’m 6/4 o’lshemleri ha’r bir siltewge u’sh u’lesten tuwri keletug’in a’piwayi eki u’lesli o’lshemlerde derejorliq qilinadi.

d)Tog’iz u’lesli o’lshemler tog’iz siltaw menen derejorliq qilinadi.Bul u’sh u’lesli siltew qag’iydasina qarag’anda tiykarlang’an u’sh ma’rte qaytariladi.

Temp tez kelgende tog’iz u’esli o’lshemler ha’r bir siltewge u’shewden tuwri keletug’in a’piwayi u’sh u’lesli o’lshemlerdey derejorliq qilinadi.

e)On eki u’lesli o’lshemler on eki siltemnen derejorliq qilinadi.Bul to’rt u’lesli siltew qag’iydasina tiykarlang’an bolip, ha’r bir siltew a’piwqyi taktke tuwi keledi ha’m u’sh ma’rte qaytariladi.

Temp tez kelgende on eki u’lesli o’lshem to’rt u’lesli o’lshemlerdey derejorliq qilinadi.

j) Bes u’lesli o’lshemler bes siltew menen derejorliq qilinadi.Bul to’rt u’lsli siltew qag’iydasina tiykarlang’an bolip, a’piwayi taktlerdin’ keliwine qarap, pa’ske yamasa on’g’a qaray siltew eki ma’rte qaytariladi.

z)Jeti u’lesli o’lshemler jeti siltem menen derejorliq qilinadi.Bul to’rt u’lesli siltem qag’iydasina tiykarlang’an bolip, a’piwayi taktler 3+2+2 ni payda etkende pa’ske, on’g’a ha’m shepke qaray sailtewler eki ma’rte ha’mde a’piwayi taktler 2+2+3 ti payda etkende pa’ske, shepke ha’m on’g’a qaray siltewler eki ma’rte qaytariladi.

**25.Muzikada ritm, metr ha’m temptin’ ahmiyeti.**

Muzikada ritm,metr ha’m temptin’a’hmiyeti ju’da’ u’lken , sebebi olardin’ ha’mmesi muzikanin’ ha’reketi uyg’inlasiwi ha’m xarakterin belgileydi.

Muzikanin’ ayrim janirlari belgili bir titm ha’m metrge tiykarlanadi.Og’an misal qilip marsh, mazurka,polka,vals siyaqli muzikali janirlardi ko’rsetiw mu’mkin.m\s;

a)vals 4\3

b0mazurka 4\3

v)y\a 4\3

g)polka 4\2

d)marsh 4\4

Ritmnin’ biriktiriliwin rashin massaliq marsh- ju’rislerinde onin’ qadem taslaw ushin qollanilatug’in baraban rezi menen de ko’rsetiw mu’mkin.

Baraban rezi-4\4

Temp muzikada a’hmiyetli orindi iyeleydi.Naduris baslang’an ha’r bir temp muzikali obrazdi buzip ko’rsetedi.

**To’rtinshi bap.**

**Intervallar.**

**26.Interval.**

Bir waqitta yamasa izbe-iz estilgen eki ses baylanisina interval dep ataymiz.

Izbe-iz estiletug'in sesleri melodik interval, al bir waqitta estiletug'in sesler garmonik interval dep ataladi.

Intervallardin' to'mengi sesti intervaldin' tiykari, joqarg'I sesti

M\s:

**27. Intervallardin' san ha'm sipat mug'dari.**

**A'piwayi intervallar. Dyatonik intervallar.**

Ha'r bir interval eki mug'dar – san ha'm sipat mug'dari menen aniqlanadi.

Bir oktava aralig'inda du'ziliwin intervallar dep ataladi.Barlig'i bolip Segiz apiwayi interval bar. Olardin' atlari usi intervallardin' esabina kiretug'in baslag'ishlar sani menen baylanisip. Intervallardin' atamalari latin tilinen alinip, ta'rtipli sanlar menen ataladi. Intervallardi qisqa qilip jazip yamasa sanlar menende belgilendi.Intervallar to'mendegishe ataladi ha'm belgilenedi.

| | |
|---|---|
| Prima-1. | Kvinta-5. |
| Sekunda-2. | Sekcta-6. |
| Tersya-3. | Septima-7. |
| Kvarta-4. | Oktava-8. |

Intervallardin' sipat mug'darin belgilew ushin u'lken, kishi, san, arrtirg'an, degen so'zler estiledi.

1) Interval lad.araliq degen ma'nisti an'latadi.

Sesqatardin' tiykarg'i basqishlari arasinda (bir oktava aralig'inda)to'mendegi intervallar payda boladi.:

1.Sap prima – 0 ton.
2.Kishi sekunda – 0,5 ton.
3.U,lken sekunda – 1 ton.
4.Kishi tertsiya – 1,5 ton.
5.U'lken tertsiya – 2 ton.
6.Sap kvarta – 2,5 ton.
7.Arttirilg'an kvarta – 3 ton.
8.Kemiytirilgen kvinta – 3 ton.
9.Sap kvinta – 3,5 ton.
10.Kishi seksta – 4 ton.
11.U'lken seksta – 4,5 ton.
12.Kishi septima – 5 ton.
13.U'lken sekunda – 5,5 ton.
14.Sap oktava – 6 ton.

Bul intervallar tiykarg'i intervallar dep ataladi.Bul intervallar tabiyg'i major ha'm tabiyg'iy minordin' basqishlari arasinda payda bolg'anlig'i ushin diatonik intervallar dep ataladi.

**28.Arttirilg'an ha'm kemiytirilgen (xromatik) intervallar.Intervallardin' engarmonik tu'rleri.**

Ha'r bir diatonik interval arttiriliwi yamasa kemiyttiriliwi mu'mkin.Og'an diatonik intervalg'a kiretug'in basqishlardan birewin xromatik yarim tong'a pa'siytiriw yamasa ko'teriw ja'rdemi menen du'ziledi.Sap primadan basqa intervallardin' ha'mmesi arttirilg'an yamasa kemiytirilgen interval bolip du'ziliwi mu'mkin.

Ba’rshe arttirilg’an ha’m kemiytirilgen intervallar xromatik dep ataladi. U’sh tonnan ibrat arttirilg’an kvarta ha’m kemiytirilgen kvinta intervallarin (diatonic intervallar bolg’ani ushin). Xromatik intervallar qatarina qosiw mu’mkin emes.

San mug’dari ha’r tu’rli ha’m esitiliwi birdey bolg’an intervallar engarmonik ten’ intervallar dep ataladi.

Xromatik intervallardan basqa, qandayda bir intervaldi eki ses xromatik yarim tong’a arttiriw natiyjesinde eki ese arttiriw yamasa pa’siytiw na’tiyjesinde eki ese kemiytirilgen intervallar payda boliwi mu’mkin.

**29.Intervallardin’ aylanisi.**

Interval seslerinin’ bir jerden ekinshi bir jerge ko’shiwi na’tiyjesinde pa’ski ses joqarg’a ha’m joqaridag’I ses pa’ske jaylassa intervaldin’ aylanisi dep ataladi.

Seslerdin’ ko’shiwi eki jol menen isletiliwi mu’mkin.

1.Intervaldin’ tiykarg’I (pa’ski) sesin bir oktava joqarig’a ko’shiriw.
2.Intervaldin’ joqarg’I sesin bir oktava pa’ske ko’shiriw.

Intervaldin’ aylanisi na’tiyjesinde jan’a intervallar payda boladi:sap intervallar-sapqa, kishi intervallar-u’lkenge, u’lkenler-kishige, arttirilg’anlar-kemiytirilgenge, kemiyttirilgenler - arttirilg’ang’a, eki ese arttirilg’anlar-eki ese kemiytirilgenge ha’m teskeri.(arttirilg’an oktava aylanisqa iye emes).

Prima 1- 8 oktavag’a.
Sekunda 2 – 7 septimag’a.
Tertsiya 3 -6 sekstag’a.
Kvarta 4 -5 kvintag’a.
Kvinta 5 -4 kvartag’a.
Seksta 6 -3 tertsiyag’a.
Septima 7 – 2 sekundag’a.
Oktava 8 -1 primag’a.

**30.Quramali intervallar.**

A’piwayi intervallardan basqa muzikada bir oktavadan aslamiraq araliqta jaylasqan intervallarda qollaniladi.Bunday intervallar quramali dep ataladi.Olar a’piwayi intervallarg’a oktavanin’ birigiwinen payda boladi ha’tiyjede:

Nona – 9 bir oktavadan kiyingi-sekunda
Detsima-10 bir oktavadan kiyingi tertsiya
Undetsima- 11 bir oktavadan kiyingi kvarta
Duodetsima- 12 bir oktavadan kiyingi kvinta
Tertsdetsima- 13 bir oktavadan kitingi seksta
Kvartdetsima – 14 bir oktavadan kiyingi septima
Kvintdetsima – 15 bir oktavadan kiyingi oktava.

Eki okteva aralig’indag’I ses qatarlarinin’ tiykarg’I basqishlardin’ aralig’inda to’mendegi intervallar payda boladi.

1.Kishi nona= 6,5 ton.
2.u’lken nona=7 ton
3.kishi detsima= 7’5 ton
4.u’lken detsima= 8 ton
5.sap undetsima= 8,5 ton
6.arttirilg’an untetsima= 9 ton
7.kemiyttirilgen duodetsima =9 ton
8.sap duodsima =9,5 ton
9. kishi tertsdetsima = 10 ton
10.u’lken tertsdetsima = 10,5
11.kishi kvartdetsima = 11 ton
12. u’lken kvartdetsima = 11,5 ton
13.sap kvintdetsima = 12 ton.

Sondayaq quramali intervallar aylanisqada iye.

a)Quramali intervallardan bir sesin eki oktava joqari ko'teriw.(joqari yamasa to'menge).
b) Quramali intervallardan eki sesinde bir-birine qarama-qarsi bir oktava ko'shiriw.

**31.Konsanans ha'm dissonans intervallar.**

Diatonik intervallar garmonik tu'rinde konsonsns ha'm dissonans intervallarg'a bo'linedi.

Konsonsns so'zi muzikada bir-biri menen kelisimli, u'nleslik degendi an'latadi.

Dissonsns so'zi ha'r tu'rli seslik, jag'imsiz baylanispaytug'in sesler.

Konsanans intervallarg'a:

a) Sap prima
sap oktava
b)sap kvarta
sap kvinta
v)kishi tertsiya, u'lken tertsiya
kishi seksta u'lken seksta

Dissonsns intervallarg'a:

a)kishi sekunda
u'lken sekunda
b)arttirilg'an kvarta
kemittirilgen kvinta
v)kishi septima u'lken septima

Konsanans intervallar konsanansqa, dissonanslar-dissonons intervallarg'a aylanis jasaydi.

**Besinshi bap.**

**Lad ha'm tonliq.**

**32. Turaqli sesler.Tonika.Turaqsiz sesler.Olardin' sheshiliwi.Lad.**

Muzikali shig'armalarda biz bir birine baylanisli seslerdi esitiwimiz mu'mkin.Muzikanin' rawajlaniwinda a'sirese namada,geypara sesler uliwma sesler arasinan ajralip turadi.Bunday sesler tayanish 2 sesler dep ataladi.Nama tayanish seslerinde tamamlanadi.

Tayanish sesler-turaqli sesler dep ataladi.Sebebi tayanish seslerinde tamamlang'an nama turaqlilqti bildiredi.

Turaqli seslerdin' birewi basqalarina qarag'anda ju'da' ajralip turadi.Bunday turaqli ses tonika dep ataladi.

Turaqli seslerge qarama qarsinan basq a sesler, turaqsiz sesler dep ataladi.Turaqsiz sesler turaqli seslerge tartilis jasaydi.Bunday tartilis sheshim dep ataladi.

Turaqli ha'm turaqsiz seslerdin' baylanisiw sistemasi lad dep ataladi.Lad muzikag'a mazmun ha'm aniq minezleme kirgizedi.

**33.Major ladi. Tabiyg'iy major gammasi.Major ladinin' basqishlari.Major ladinin' basqishlarinin' qa'siyeti ha'm belgileniw atamalari.**

Xaliq muzikasinda ha'r tu'rli ladlar ushirasadi.Klassik muzikada (rus ha'm shet el) ko'bire major ha'm minor ladlari ken'nen qollaniladi.

U'lken yamasa major u'sh sesligi u'sh sesten du'ziliwshi akkordti payda etiwshi turaqli sesler major ladi dep ataladi.Major u'shsesliginin' sesleri tertsiya boylap jaylasadi.Du'ziliwi:

Do – major (c –dur)
Sol – major (G –dur) (1) –lya#
Re –major ((d-dur) (2) – do #
Lya – major (A – dur) (3) – sol #
Mi – major (E-dur) (4) –re #
Si-major (H-dur) (5)-lya #
Fa # - major (Fis – dur) (6) – mi #
Do # - major (Cis – dur) (7) – si #

Bemolli major tonliqlari to'menge qaray kvinta aralig'I menen jaylasqan.

Ha'r bir bemol tonliqlarinda (kelesi) bemol ( ` ) gilt belgisi gammanin' to'rtinshi basqishina tuwri keledi, olar to'mendegishe jaylasadi:

Do major (C-dur)

Fa major (F-dur) (1) si `
Si ` major (B-dur) (2) `
Mi ` major (Es-dur) (3) lya `
Lya ` major (As-dur) (4) re `
Re ` major (Des-dur) (5) sol `
Sol ` major (Ges-dur) (6) do `
Do ` major (Ces-dur) (7) fa `

Bes, alti, jeti belgili diez ha’m bemolli major tonliqlari engarmonik ten’ major tonliqlari dep ataladi.

Biyikligi birdey al atamalari ha’r tu’rli bolg’an tonliqlar engarmonik ten’ tonliqlar dep ataladi.Olar-

Si-major (H-dur)=Do `-major (Ces-dur)

====

(5#) (7`)

Fa#-major (Fis-dur) =Sol ` –major (Ges-dur)

====

(6#) (6`)

Do#-major (Cis-dur) = re`-major (Des-dur)

====

(7#) (5`)

Engarmonik ten’ tonliqlardin’ gilt belgileri ja’mi 12 belgini quraydi.

Major tonliqlarinin’ jaylasiw ta’rtibi:diezli joqarig’a sap kvinta, al bemolli joqarig’a sap kvarta boyinsha jaylasip-kvinta shen’beri dep ataladi.

**35.Garmonik ha’m melodik major.**

Major ladinin’ V1 basqishinda pa’seyiwi garmonik major dep ataladi.

Garmonik major rus klassik muzikasinda ju’da’ ko’p qollanilatug’in edi.Majordin’ bul tu’ri shet el klassik muzikasinda da ushrasiwi mu’mkin.

V1 basqishti yarim tong’a pa’seyittiriw na’tiyjesinde onin’ V basqishqa qaray tartiliwi ja’nede ku’sheyedi.

V1 basqishti pa’seytiriw kerek bolg’an pa’seyiw belgisi tekste nota aldinda qoyiladi ha’m belgisi dep ataladi.

Garmonik major gammasinda sekundalar to’mengi ta’rtipte jaylasadi.

Ul.2,ul.2,,k.2,ul.2,k.2,art.2,k.2.

Muzikada melodic major garmonik majorg’a qarag’anda ju’da’ kem ushrasadi.Melodik majorda V1 ha’m V11 basqishlar pa’seytiriledi.M\s

C-dur garmonik major

melodik major.

**36.Minor ladi.Natural minor gammasi.Minor ladinin’ basqishlari ha’m olardin’ qa’siyeti.**

**(Kishi yamasa minor u’shsesligi).**

Minor ladi dep, turaqli sesleri menen izbe-iz yamasa bir waqitta estilgen ha’m kishi yamasa minor u’sh sesliginen payda bolg’an ladqa aytamiz. Minor u’sh sesliginin’ turaqli sesleri tertsiya boyinsh jaylasip k.3+ul.3 strukturasi menen du’ziledi.Minor ladi major ladi siyaqli jeti

basqishtan ibarat.Minor ladinin’ gammasi major ladinin’ gammasinan sekkundalardin’ jaylasiwinan pariq etedi.
Ta’biyg’iy minor gammasinda sekundalar to’mendegishe jaylasadi: ul.2, k.2, ul.2, k.2, ul.2, ul.2. Major gammasinin’ basqishlari qanday sanlar menen belgilense ha’m qanday atalsa, ta’biyg’iy minor gammasi basqishlarida solay belgilenedi ha’m ataladi.

Ta’biyg’iy minordag’i turaqsiz seslerdin’ jaylasiw ta’rtibi majordag’i turaqsiz seslerdin’ jaylasiwinan ajiralip turadi.

**37.Garmonik ha’m melodik minor.Minor tonliqlari.Paralel tonliqlari.Minor tonliqlarinin’ kvinta shen’leri.**

Major ladinin’ u’sh tu’ri siyaqli, minor ladinin’ da u’sh tu’ri bar.Olar alteratsiyalang’an basqishlar ja’rdeminde payda boladi ha’m to’mendegishe ataladi.

Garmonik minor tabiyg’iy minordan VII-basqishtin’ ko’teriliwi menen, al milodik minor tabiyg’iy minordan VI ha’m VII basqishlarinin’ ko’teriliwi menen ajralip turadi.Melodik minor gammasi to’menge qaray ha’reket qilg’anda ondag’I ko’terilgen basqishlar saqlanbaydi.Gamma to’menge qaray tabiyg’iy mnor basqishlari boyinsha ha’reket etedi.

Minor ladinin’ tonliqlari major ladinin’ tonliqlari siyaqli bir biri menen baylanisli.Minor tonliqlarinda da diezli tonliqlar sap kivinta boyinsha joqari, bemol li tonliqlar sap kvinta boyinsha to’men tu’siwi na’tiyjesinde alteratsiya belgileri qosilip baradi.
Gilttegi belgileri birdey bolg’an major ha’m minor tonliqlari parallel tonliqlar dap ataladi.m\s
Do-major(c-dur)\\lya –minor(a-moll)
Mi `-major(es-dur)\\do –minor(c-moll)
Minor gammalarinda diezler ha’r bir gammanin’-II basqishinda,bemoller-V1 basqishinda payda boladi.

Tonliqlarg’a alteratsiya belgileri giltin’ qasinda,al alteratsiya belgileri VI ha’m VII basqishlardin’ xromatik o’zgeriwi menen baylanisli bolsa,notanin’ aldinda jaziladi.

Minor ladi ha’rip sistemasi boyinsha “moll” so’zi menen belgilenedi.(moll latin so’zinen “jumsaq”ma’nisin an’latadi)
M\s;lya - minor yamasa a-moll

**Diyizli minor tonliqlarinin’ jaylasiwi.**

lya-minor (a-moll)
mi-minor (e-moll) (1)-fa#
si-minor (h-moll) (2)-do#
fa#-minor (fis-moll) (3)-sol#
do#-minor (cis-moll) (4)-re#
sol#-minor (gis-moll) (5)-lya#
re#-minor (dis-moll) (6)-mi#
lya#-minor (ais-moll) (7)-si#

**Bemolli minor tonliqlarinin’ jaylasiwi.**

lya-minor (a-moll)
re-minor (d-moll) (1) si`
sol-minor (g-moll) (2) mi`
do-minor (c-moll) (3) lya `
fa-minor (f-moll) (4) re `
si ` –minor (b-moll) (5) sol `
mi ` –minor (es –moll) (6) do `
lya ` –minor (as –moll) (7) fa `

Ja’mi minor tonliqlarinda da alti tonliq, olardin’ u’sh diezli, ha’m u’sh bemolli tonliqlari engarmonik ten’.Olardan
(5 #) sol # - minor- lya` minorg’a (7`)
(6 #) re # - minor -mi `minorg’a (6`)
(7#) lya # - minorg'a – si ` minorg’a ten’ (5`)

**38.Atlas tonliqlar.**

Birdey tonliqlarda du’zilgen major ha’m minor tonliqlari atlas tonliqlar dep ataladi.

Tabiyg'iy tu'rdegi atlas tonliqlar u'sh basqish penen bir-birinen ajirap turadi:III,VI ha'm VII minorda ko'rsetilgen basqishlardin' ha'r biri majordin' usi basqishlarinan xromatik yarim ton pa'ste jaylasadi.

Do-major (C-dur) do-minor (c-moll)

a)Tabiyg'iy major atlas garmonik minordan eki basqish-III ha'm VI basqishlar menen ajralip turadi.
b)Garmonik major atlas tabiyg'iy minordan eki basqish – III ha'm VII basqishlar menen ajratilip turadi.
v) Atlas ladlardin' garmonik tu'rleri bir-birinen III basqish penen ajratilip turadi.Olardin' uqsas ta'repi VI ha'm VII basqishlardin' aralig'inda arttirilg'an sekunda.
g)Tabiyg'iy major atlas melodik minordin' III basqishi menen ajralip turadi.
d) Melodik major tabiyg'iy minordan III basqish penen ajralip turadi.

**ltinshi bap. Major ha'm minor tonliqlarindag'i intervallar.**

**39. Ta'biyg'iy major ha'm ta'biyg'iy minordag'i intervallar.**

Ta'biyg'iy major ha'm minor basqishlarinda diamonik intervallar payda boladi.
Ha'r-bir basqishtan ba'rshe a'piwayi intervallardi (-primadan oktavag'a shekemgi) du'ziw mu'mkin.

**40.Garmonik ha'm melodik ha'm minor intervallari. Xarakterki intervallar.**

Garmonik major ha'm minor tu'rinde du'zilgen intervallar ta'biyg'iy ladlarda du'zilgen intervallardan ayirmashilig'i bar.Majorda ol –VI basqishtin' pa'siyiwinen, al minorda –VII basqishtin' ko'teriilwinenibarat.Garmonik majorha'm garmonik minorda payda bolatug'in intervallar tabiyg'iy ko'riniste ushiramaydi.Bul tu'rdegi intervallarg'a xromatik yamasa xarakterli intervallar deymiz.Ol tek g'ana garmonik major ha'm minorg'a tiyisli intervallar bolg'anlig'I ushin usinday dep ataladi.Barlig'I bolip to'rt xarakterli intervallar bar.Olar art.2, kem.7, art.5 ha'm kem.4 dan ibarat

Misal:

Garmonik tu'ri.

C-dur

Garmoonik tu'ri.

a-moll

Atap o'tilgen xarakterli intervallar diamonik intervallarqatarina kiredi.
Bul intervallardan basqa garmonik ladlarda tiykarg'I intervallardin' tu'rleri o'zgerdi.Misali:tag'I eki u'sh tonli intervallardin' art.4, kem.5 tu'rleri payda boladi.

C-dur garmonik tu'ri. A-moll garmonik tu'ri.

Melodik ladlar jan'a intervallar payda bolmaydi.Xarakterli intervallardin' qatarina melodik ladlar usi basqishqa kem.4 ha'm art.5 intervallari saqlanip qaladi.Onnan basqa giypara intervallardin' aylanisi boliwi mu'mkin.Misal:

C-dur melodik a-moll melodik

**41.Turaqlisiz ham turaq intervallar.**

Turaqsiz intervallardin' sheshimi dep turaqli intervallarg'a o'tiwin , al dissonans intervallardin' sheshimi dep konsonans intervalg'a o'tiwin aytamiz.Bul intervallarda qollaniwda aldi menen biz intervallardi du'zetug'in tonliqti aniqlap alamiz.Kiyin al intervallardi du'zipsheshimin payda etemiz.Turaqsiz ha'm dissonans intervallar turaqsiz seslerdin' tartilis prinsipinen kelip shig'adi.Eger intervallardin' bir sesi turaqli ekinshisi turaqsiz bolsa, onda turaqli ses orninda qaladi, turaqsiz ses jaqin jaylasqan turaqli seske sheshiledi.Eger eki seside turaqsiz bolsa, onda ekewi de turaqli seslerge o'tedi.

**Jetinshi bap.**
**Akkordlar.**
**42.Akkord.U'shseslik.U'shseslik tu'rleri. Konsanans ha'm dissonans u'shseslikler.U'shsesliklerdin' aylanislari.**

Tertsiya boylap jaylasqan yamasa jaylasiwi mu'mkin bolg'an ha'mde bir waqitta qosilip esitilgen u'sh ha'm onnan artiq akkord dep aytamiz.

U'sh sesten ibarat tertsiya boyinsha jaylasqan akkord u'shseslik dep ataladi.

Akkord to'mengi sesten joqarig'a qaray du'ziledi.

U'shsesliktin' qaysi tu'rde boliwi usi u'shseslik ta'rtibine kiretug'in tertsiyalardin' jaylasiwinan ibaat.

Ulken ha'm kishi tartsiyalardan u'shsesliktin' to'rt tu'rin du'ziwimiz mu'mkin.

1.Major yamasa u'lken u'shseslik ul.3 ha'm k.3 dan du'ziledi ha'm eki shetki sesleri sap.5 intervallarinan ibarat boladi.
2.Minor yamasa kishi u'shseslik k.3 ha'm ul.3 dan du'ziledi, eki shetki sesleri sap.5 intervallarinan ibarat boladi.
3.Arttirilg'an u'shseslik eki ul.3 dan du'ziledi eku shetki sesleri art.5 interval;larinan ibarat boladi.
4.Kemiyttirilgen u'shseslik eki k.3 dan du'ziledi, eki shetki sesleri kem.5 intervallarinan ibarat boladi.

Major ha'm minor u'shseslikleri-konsanans, al art. Ha'm kem u'shseslikleri-dissonans akkordlar bolip tabiladi.

Akkord sesleri tertsiya boyinsha jaylasqan bolsa, og'an akkordtin' tiykarg'i ko'rinisi deymiz.

Akkordtin' ha'm bir sesti g'aressiz atamag'a iye.Bul atamalar intervallardan kelip shig'adi.Olar to'mengi sesten joqari qaray ataladi.

Tiykarg'I yamasa u'shsesliktin' to'mengi sesti=prima, ekinshisi-tertsiya, u'shinshisi-kvinta dep ataladi.

U'shseslikte seslerdin' jayasiw ta'rtibi o'zgerse, yag'niy en' to'mengi ses tertsiya yamasa kvinta bolsa, onda bunday du'zilis u'shsesliktin' aylanisi dep ataladi.

Ushseslik eki aylanisqa iye.Birinshisi ekstakkord.Onda prima sesti bir oktava joqarig'a ko'shiriledi.Ekinshisi aylanisikvardsekstakkord deymiz.Onda prima menen tertsiya bir oktava joqari ko'teriledi.

C-dur.

Akkordlar T, T6, T6/4 dep belgilenedi.

**43.Major ha 'm minordin' tiykarg'i u'shseslikleri.Tiykarg'I u'shsesliktin' birigiwi.**

Major ha'm minordin' barliq basqishlarinda u'shsesliklerdi du'ziwimiz mu'mkin.Ta'biyg'iy major basqishlarinda u'shseslikler-I,IV,V basqishlarda major u'shsesligi du'ziledi ha'r bir u'shseslik g'aresiz atamag'a iye.
I basqishtag'i u'shseslik-tonika.
IV basqishtag'i u'shseslik – subdominanta.
V basqishtag'i u'shseslik –dominanta dep ataladi.Major ladinda major u'shsesligi bolip du'zilgenligi sebebli olar tiykarg'i u'shseslikler dep ataladi ha'm tiykarg'i basqishlar siyaqli T,S,D dep belgilenedi.
Ta'biyg'iy minor u'shseslikleride t,s,d kishi ha'ribleri menen belgilenedi.

**44.Major ha'm minordin' qosimsha u'shseslikleri. Ta'biyg'iy ha'm garmonik major ha'm minor basqishlarindag'i u'shseslikler.**

II,III,VI ha'm VII basqish u'shseslikleri qosimsha u'shseslikler dep ataladi. Tiykarg'i u'shsesliklerge qarag'anda olar ekinshi da'rejeli.
Ta'biyg'iy majorda qosimsha u'shseslikler u'sh minor ha'm bir kemeytirilgen (VII basqish).
Ta'biyg'iy minorda qosimsh u'shseslikler u'shmajor ha'm bir kemeytirilgen (II basqish).
Garmonik majorda:1 minorli III basqishta, eki kemeytirilgen II ha'm VII basqishlarda ha'm bir artirilg'an VI basqishta.

Garmonik minorda: bir majorli alti basqishta, eki kemeytirilgen II ha'm VII basqishlarda ha'm bir artirilg'an III basqishta.

**Na'tiyjede:**

1. Ta'biyg'iy ha'm minorda -3 majorli, 3 minorli ha'm bir kemeytirilgen u'shseslik.
2.Garmonik major ha'm minorda – 2 majorli, 2 minorli, 2 kemeytirilgen ha'm bir artirilg'an u'shseslik.

Artirilg'an u'shseslik tonika akkordina sheshiledi.Artirilg'an u'shsesliktin' qatarindag'i eki turaqli ses orninda qaladi, al u'shinshisi, turaqsiz ses:majorda VI pa'seygen basqish k.2 to'menge V basqishqa, minorda VII basqish – k.2 joqari I basqishqa sheshiledi.M\s:

C-dur a-moll.

Majorda artirilg'an u'shseslik tonika kvartsesktakkordqa, al minorda – tonika sektakkord sheshiledi.

Kemeytirilgen u'shseslik garmonikada sesktakkord tu'rinde g'ana qollaniladi.

**45.Septakkord. Dominantaseptakkord ha'm onin' aylanisi.Daminantaseptakkortin' sheshimi ha'm onin' aylanislari.**

Tertsiya boylap jaylasqan to'rt sesli akkordqa septakkord dep ataymiz. Septakkordin' eki shetki seslerinin' aralig'i septima intervalin payda etedi. Sonin' ushin bul akkord septakkord atamasina iye.

Muzikada septakkord tu'rlileri qollaniladi. Olardan V basqishta du'ziliwshi akkord ju'da' ko'p qollaniladi. Ol dominantseptakkord dep ataladi.D 7 akkord ul.3+k.3+k.3 strukturasi menen du'ziledi.Bul akkordtin' sesleri tiykarg'isinan baslap sanaladi:prima (akkordinin' tiykari, tertsiya kvinta ha'm septima (akkordinin' joqarg'I sesti).

Daminanrseptakkord – V 7 yamasa D 7 dep belgilenedi.Misali:

C-dur a-moll

D 7 akkord u'sh aylanisqa iye, olar:

1-shi aylanisi – kvintsekstakkord (6/5)

2-shi aylanisi-tertskvartakkord (4/3)

3-shi aylanisi – sekundakkord (2) dep ataladi.

Dominantseptakkord aylanislarinin' atamalari to'mengi ses penen joqarg'i ses intervallarinan kelip shiqqan.

C-dur

D 7 akkordti ha'm onin' aylanislarin tonliqlarda ha'm ha'r bir berilgen sesten du'ziw ushin intervallardin' jaylasiw ta 'rtibin, akkordlardin' du'ziliwshi basqishlarin biliwimiz kerek.Olar-

V 7-ul.3+k.3+k.3 ; ladtin' V basqishinda du'ziledi.

V 6/5 – k.3+k.3+ul.2 ; ladtin' VII basqishinda du'ziledi.

V 4/3 – k.3+ul.2+ul.3 ; ladtin' II basqishinda du'ziledi.

V 2 – ul.2+ul.3+k.3 ; ladtin' IV basqishinda du'ziledi.

D7 akkord dissonans akkordlar qatarina kiredi.On'in' quramina eki dissonana interval kiredi;k7 ha'm kem5.

D7 akkord ha'm onin' aylanslari sheshimdi talap etedi.Olar tartilis prinspi boyinsha turaqsiz seslerdin' turaqli seslerge o'tiwi arqali sheshiledi.

D7 akkord kivintasiz, tiykarg'i sestin' u'sh eseleniwi toliq bolmag'an tonika u'sh sesligine sheshiledi.V,VII,ha'm II basqishlar I basqishqa o'tedi,IV basqishi III basqishqa o'tedi ( V basqish kvartag'a joqari ko'teriledi).

Kvintasekstakord primasi juplang'an toliq tonika u'shsesligine sheshiledi ; VII ha'm II basqishlar I basqishqa,IV basqish III basqishqa o'tedi,V basqish o'z orninda qaladi.

Tersi kvarta akkord tiykarg'i ses oktavag'a juplandirip,toliq tonika u'sh sesligine sheshiledi ;II basqish I basqishqa,IV basqish III basqishqa o'tedi,V basqish o'z orninda qaladi ;, VII basqish oktavag'a juplantirilg'n I basqishqa o 'tedi.

Sekunda akkord primasi juplantirilg'an tonika sekstakkordina sheshiledi;IV basqish III basqishqa o'tedi,V basqish o'z orninda qaladi,VII ha'm II basqishlar I basqishqa o'tedi;

### 46.Kirispe septakordlar.II-basqishseptakordi.

Septakordlar arasinda D7 akkordtan basqa, kirispe septakordlar da ko'p qollaniladi.Olar tabig'iy ha'm garmonik majordin', sondayaq garmonik minordin' VII basqishinda du'ziledi,sonin' ushin olar kirispe septakort dep ataladi.

Kirispe septakordtin' eki shetki sesleri ta'biyg'iy majorda kishi septimani payda etedi,sonin' ushinda ol kishi kirispe septakord dep ataladi.Bul akkord k.3+k.3+ul.3 strukturasi menen du'ziledi.

Garmonik majorda ha'm garmonik minorda kirispe septakorttin' eki shetki seslerin kemeytirilgen septimani payda etedi,sonin' ushin bul akkord kemeytirilgen kirispe septakord dep ataladi.Ol k.3+k.3+k.3 strukturasi menen du'ziledi.

Kirispe septakordlar to'mendegishe belgilenedi.

C-dur a-moll

Kirispe septakkordlar tertsiyasi juplantirilg'an tonika u'lesligine sheshiledi.

C-dur a-moll

### 48.O'zgeriwshen' ladlar. O'zgeriwshen' paralel ladlar ha'm major-minor basqa ladlar.

Atap o'tilgen ladlardan basqa, o'zinin' quraminda eki ladta birlestiriliwshi ladlar ha'm ushirasadi.Olardin' tonikasi almasip turg'anlig'I ushin o'zgeriwshen' ladlar dep ataladi.

Usinday ladlardin' birine o'zgeriwshen' paralel lad dep aytamiz.Parallel major menen minor ladinin' sesler qurami uqsas bolg'ani ushin bir ladqa qosiliwi mu'mkin.Bunday ladlarda nama rawajlaniwinda eki tonika izbe-iz almasip turadi.

O'zgeriwshen' ladtin' basqa bir ko'rinisine major minor o'zgeriwshen' ladi dep aytamiz.Onda atlas major menen almasip turadi, salistiriladi.

Muzikada eki arttirilg'an sekundali minor ladi ha'm ushirasadi.Tabiyg'iy minorg'a qarag'anda onin' IV shi ha'm VII basqishlari ko'terilgen boladi.Bul tu'rdegi ladlar jup garmonik lad dep ataladi.

Giypara waqitlari muzikada (ju'da' ken') pu'tin tonlar du'zilisinen quralg'an ladlardi da ushratiwimiz mu'mkin.Bul tu'rdegi lad gammasina pu'tin tonli gamma dep ataymiz.Bunin' ba'rshe basqishlarinan arttirilg'an u'shseslikler payda boladi.Sonin' ushin ol arttirilg'an lad dep ataladi.Misali:

Pu'tin tonli lad.

## Tog'izinshi bo'lim.
## Ag'ayin tonliqlar.Xromatizm.
### 49.Ag'ayin tonliqlar.

Barliq major ha'm minor tonliqlari o'z ara garmonik ten' (ag'ayin) gruppasin payda etedi.

Tonika u'shseslikleri tabiyg'iy ha'm garmonik ko'riniste berilgen tonliqlardin' basqishlarinan payda bolg'an tonliqlar ag'ayin tonliqlar dep ataladi.

Muzikali shig'armadag'I birinshi tonina bas tonliq dep ataladi.Muzikanin' rawajlaniwinda oni almastiriwshi tonliqlar qosimsha tonliq dep ataladi.Ha'r bir tonliq alti ag'ayin tonliqqa iye. Misali:Do-majorg'a to'mendegi tonliqlar ag'ayin tonliqlar boladi.

Fa-major,IV basqish subdominanta tonlig'i.
Sol-major V basqish dominanta tonlig'i.
Lya-minor, VI basqish tiykarg'I tonliqa parallel.
Re-minor, II basqish subdominanta tonlig'inin' paralleli.
mi-minor, III basqish daminanta tonlig'inin' paralelli.
Fa-minor, IV basqish minor subdominantasinin' tonlig'i.
Lya-minorg'a to'mendegi tonliqlar ag'ayin tonliqlar boladi.
Re-minor, IV basqish tiykarg'I basqishlar tonlig'i.

mi-minor, V basqish =========//==========.
Do-major, III basqish tiykarg'I tonliqa parallel.
Fa-major, VI basqish =========//========.
Sol-major, VII basqish tiykarg'I tonliqlarg'a parallel.
Mi-major, V (garim) basqish major dominantasi tonlig'i.

**50.Xromatizm.Alteratsiya.**

Diyatonik ladlardin' tiykarg'I basqishlarin ko'teriw yamasa pa'siyttiiw joli menen o'zgerttiriliwi xromatizm dep ataladi.Payda bolg'an jan'a xromatik basqish tiykarg'I sipatinda alteratsiya belgisi menen belgilenedi.

Xromatik gamma. Xromatik gammalardin' jaziliwi.

Xromatik gamma izbe-iz keletug'in yarim tonliqlardan payda boladi.Xromatik gamma g'aressiz ladti payda ete almaydi.Onin' negizi major yamasa minor gammasi esaplanadi.Xromatik gamma olardin' quramali tu'ri.Ol major yamasa minor tabiyg'iy gammalari turadi.U'lken sekundalardin' xromatik sesler ja'rdemi menen toltiriliwinan payda boladi.

Xromatik gammanin' jaziliw qag'iydasi ag'ayin tonliqlarg'a tiykarlanadi.

Majorda bul qag'iydalar to'mendegishe boladi.Gammanin' ba'rshe tiykarg'I basqishlari o'zgermiydi,u'lken sekundalar joqarg'a qaray 1,2 ,4 ha'm 5 basqishlardin' ko'teriliwi menen toltiriladi, to'menge qaray VI basqishtin' ko'teriliwi ornina VII basqish pa'siytiriledi.To'menge qaray ha'reket etilgende,u'lken sekundalar VII, VI, III ha'm II basqishlar pa'siyiwi menen toltiriladi.V basqishtai pa'seytiw ornina IV basqish ko'teriledi.

M/s Minor xromatik gammasinin' joqarig'a qaray ha'reketin jaziw qag'iydasi parallel majorg'a uqsas boladi.Minordin' I basqishi og'an parallel bolg'an majorda VI basqish boladi,onin' na'tiyjesinde I basqish ko'terilmeydi,kersinshe onin' ornina II basqish pa'seytiriledi.To'menge qaray ha'reket waqtinda,minor xromatik gammasi atlas major gammasi siyaqli jaziladi.m/s

Muzika a'debiyatinda ayrim waqitlari xromatik gammalardi ko'rsetilgeninshe jaziw qag'iydasinan sheklengen tu'rleri de ushraydi.

**Oninshi bo'lim.**

**51. Tonliqlardi aniqlaw. Transpozitsiya.**

Gilt ha'm tossattan payda bolg'an alteratsiya belgileri,melodiyanin' du'zilisi,onin' tonikasi, u'sh seslign belgilewshi tiykarg'I ha'm tayanish sesler berilgen melodiyanin' lad ha'm tonliqlarin aniqlawshi tiykarg'I belgiler esaplanadi.

Melodiyanin' tiykarg'I sestinen de tonliqti aniqlaw mu'mkin,biraq ha'mme waqitta emes.Sebebi,geypara shig'armalarda, ko'birek xalx qosiqlarinda melodiyanin' aqirinda birinshi basqishtan basqa basqishlarda ushrapturadi.

Melodiyanin' baslang'ish (birinshi) sesti bir tonliqtan basqa bir tonliqqa ko'shiiliwi tronspozitsiya dep ataladi .

Transpozitsya bokal atqariwshilig'inda ju'da' ken' qollaniladi.

Transpozitsya qandayda bir muzikali shig'armanin' original ko'rinisinen basqa bir asbabqa, misali,skripka ushin jazilg'an pesani alt yamasa viyolanchelge tuwrilap qaytadan jaziwda qollaniladi.

Transpozitsya u'sh usil 1)berilgen intrvalg'a 2) gilt belgilerin o'zgertiw ha'm3)gilttin' o'zin o'zgertiw joli menen a'melge asiriladi.

Ekinshi usil xromatik yarim ton joqarig'a yamasa to'menge qarap yarim tong'a transpozitsiya qiliwdan ibarat.Bunday tu'rde gilttin' qasindag'I belgiler o'zgeredi,notalar o'z orninda qaladi,tossattan payda bolg'an belgiler jan'a gilt belgisinin' ko'teriliwi yamasa pa'seyiwine qarap o'zgerip turadi.m/s lya` majordan,lya majorg'a transpozitaya islesek

a)gilttin' qasindag'I to'rt bemoldi u'sh diez belgisi menen almastiramiz;

b)Eger tosattan belgiler payda bolsa, biykarlardi diezler menen,bemollardi bekarlar menen almastiramiz.

U'shinshi usil,nota jolina jan'a gilt tan'lanip,jazilg'an bolsa,jan'a tonliq tonikasida sol jerge jaziladi.Bul usil basqa eki usilg'a qarag'anda ju'da' kem qollaniladi.

**On birinshi bap.**

**52.Modulyatsiya ha'm waqtinsha o'zderiw.(otklonenie)**

Muzikali shig'armanin' bo'limi jan'a tonliqqa o'tiwi ha'm usi tonliqta tamamlaniwi modulyatsiya dep ataladi.
Muzikali shig'arma jan'a tonliqqa waqtinsha o'tse ha'm ja'ne da'slepki tonliq penen tamamlansa –waqtinsha o'zgeriw (otklonenie)dep ataladi.
Waqtinsha o'zgeriwler o'tkinshi minezge iye boladi,olar muzika du'zilisinde ushrasatug'in ayrim akkordlar funksiyasin qasqa waqit ishinde ajratip ko'rsetiwine iye boladi.
Jan'a tonliqqa o'tiw, ko'birek tossattan payda bolg'an belgilerge baylanisli boladi, modulyatsiya bolg'an bolmag'anlig'in ayrim waqitlarda birge atqariliwshi akkordlarg'a qarap belgilew mu'mkin,sebebi tossattan payda bolg'an belgiler tek to'mengi seslerge g'ana qoyiladi.
Modulatsiya ag'ayin tonliqlarg'a da isletiledi.Ko'birek dominanta ha'm onin' parallel tonliqlarina, melodiya isletiledi.Sub dominanta ha'm onin' parallel tonlig'ina modulyatsiya waqtinsha o'zgeriw tu'rinde qollaniladi.

**On ekinshi bap.**

## 53.Melodiya.(nama).

Seslerdin' bir dawisli izbe-izligi, belgili lad ha'm metr ha'm de ritm ta'repleri menen baylanisiwi melodiya dep ataladi. Muzikali mazmun akkompanementsiz, jeke melodiya arqali tu'sindiriliwi mu'mkin.Bir dawisli muzikali shig'arma tekstli (qosiq)ha'm tekstsiz (saz asbap melodiyalari) tu'rinde boliwi mu'mkin.
Melodiya ha'reketi o'zinin' rawajlaniw protsesinde ha'r tu'rli formalardi o'z ishine aladi.Olardin' en' tiykarg'ilari:a) ko'teriliwshi ha'reket; b)to'menge tu'siwshi ha'reket;
v)ko'teriliwshi ha'm to'menge tu'siwshi ha'rekettin' almasip, tolqin sipat ha'reketi;
g)sestin' qaytalaniwinan payda bolg'an gorizantal ha'reket.
Melodiyanin' dawista ha'r bir basqishta a'ste ko'teriliwi ha'm to'men tu'siwi sekventsiya dep ataladi.
Melodiyanin' on' biyik shin'i (ha'wij) dep ataladi.

## 54. Melodiyanin' bo'limlerge bo'liniwi.

**Du'zilis.Tsezurd. Da'wir. Ga'p. Kadentsiya. Fraza. Motiv.**

Melodiya da, so'ylesiw siyaqli bo'limlerge bo'linedi.Melodiyanin' bo'limlerin yamasa muzikali shig'armani du'zilis dep ataymiz.Olardin' dawamlilig'I ha'r tu'rli boladi.Du'zilisler shegarasi aralig'ina tsezura dep ataymiz.Tsezura- V belgisi menen belgilenedi.
Tamamlang'an muzikali pikirdi an'latiwshi bo'lim da'wir dep ataladi.A'piwayi da'wir segiz taktten ibarat boladi.
Da'wir eki bo'limge bo'linedi,olar ga'p dep ataladi.
Muzikali du'zilistin' tamamlaniwi kadentsiya dep ataladi.Kadentsiyalar- toliq ornalasqan kadentsiya, toliq ornalaspag'an kadentsiya, yarim kadentsiya bolip bo'linedi.
Eger da'wir o'zinin' da'slepki tonlig'inda tamamlansa,jalg'iz tonliq dep aaladi.
Ga'p eki kishi du'ziliske, frazg'a iye.Bir tiykarg'I matrik aksentti o'z ishine alg'an du'zilis motiv dep ataladi.Motivdin'ku'shsiz da'wiri bir yamasa bir neshshe sesler menen ko'rsetiliwi mu'mkin.

## 55.Dinamik attenkalar ha'm olardin' melodiyaliq rawajlaniw menen baylanisi.Dinamik ottenkalardin'jaziliwi ha'm ataliwi.

Melodiya ha'reketi esitiliw ku'shi da'rejesinin' o'zgeriwine baylanisli.Muzikada esitiliwi ku'shinin' tu'rli da'rejeleri dinamik ottenalar dep ataladi.
Muzikada dinamikaliq ottenalar arqali mazmun ko'rsetiliwi mu'mkin.
Muzikada
a)ku'shli da'rejeli dinamik ottenkalar
fortssimo - ff, ju'da' qatti
forte -f, qatti
mezzoforte-mf, ortasha qatti
pianissimo –pp, ju'da' a'ste
piano -p, a'ste
mezzopiano - mp ortasha a'ste

b) g’aressiz o’zgeriwshen’ ku’shlilik,crescendo yamasa belgisi < ku’sheytiw rosa a rosa crescendo, a’ste a’ste ku’deytiw diminuendo yamasa belgisi > ,pa’seytiw roca a roca diminuendo,a’ste a’ste pa’seytiw. v)ku’shli da’rejesin o’zgertiw ushin; piu forte, ja’ne ku’shli mino forte sa’l ku’shli sforzando-3$ ayrim seslerdin’ keskin aksenti.

**On u'shinshi bap.**

**Melizmler (muzika bezewleri).**

**56.Muzika bezewleri:foshlag, mordiet,gruppstto, trel.**

Muzikada,melodiya da tiykarg’i seslerdi bezetiwshi ayrim feguralarg’a muzika bezewleri dep ataymiz.

Muzika bezewlerin tiykarg’I sesten sekunda aralig’inda jaylasatug’in ja’rdemshi sesler payda etedi.

Olar nota jaziliwinda o’zgeshe belgiler yamasa kishi shriftli notalar menen ko’rsetiledi.Muzikada –farshlag, mordent, gruppetto, trel bezewleri qollaniladi.Fashlag eki tu’rde ushiraydi.Uzin ha’m qisqa farshlag.

Qisqa farshlag bir yamasa bir neshshe sesten du’zilip, qasinda jaylasqan ses sozimlig’i esabinan ju’da’ qisqa atqariladi. Bir sesten du’zilgen qisqa farshlag ortasinan sizilg’an segizlik nota ko’rinisinde jaziladi.Bir neshshe sesten ibarat qisqa farshlag qabirg’ashalar menen birlestirilgen on altiliqlar menen belgilenedi.

Uzin forshlag bir ses ja’rdemi menen qasinda jaylasqan ses sozimi o’lsheminde atqariladi.Misali:

1)A’piwayi morden, ja’rdemshi ses tiykarinda sestin’ joqari ta’repinen aliniwin bildiredi.
2)Siziqli mordent , ja’rdemshi ses tiykarg’I sestin’ to’mengi ta’repinen aliniwin bildiredi.

Gruppetto 4 yamasa 5 sesten ibarat melodiya du’zilisi tu’rinde boladi.Gruppetto belgisi notanin’ u’stinde yamasa aralig’inda qoyiladi Onin’ atqariliwi belginin’ qaysi tu’rde qoyiliwina baylanisli boladi.Gruppetto belgisinin’ astinda yamasa u’stinde qoyilg’an gramatik belgi ja’rdemshi sestin’ alteratsiyalaniw kerekligin bildiredi. Gruppetto belgisi menen belgilenedi.

Bir tegis tez-tez almasip turatug’in eki sesten du’zilgen melodiyaliq fegura trel dep ataladi.Trel qaysi ses orninda atqarilsa sol ses sozimlig’ina ten’ boladi ha’m tr~~ yamasa tr belgisi menen ko’rsetiledi.Trel belgisi notanin’ u’stine qoyiladi.Ol ha’r tu’rli usillar menen atqariliwi mu’mkin.
a)U’stki ja’rdemshi ses penen baslang’anda.
b)Asting’i ja’rdemshi ses penen baslang’anda.
v)Tiykarg’i ses penen baslang’anda treldi to’mendegishe isletemiz.